

# Enfòmasyon sou Kowonaviris (COVID-19)

Mèsi dèske w rele nou pou pale n de sentòm ou yo. Dapre sa w di nou, ou petèt gen kowonaviris (COVID-19). Menm si w pa santi w malad anpil, viris la kapab sòti sou ou al sou lòt moun ki antoure w, epi fè yo malad anpil. Tanpri li enfòmasyon ki pi ba yo pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou w okipe tèt ou epi sou kijan pou w evite enfekte lòt moun.

## Pou pran swen tèt ou:

Pa gen tretman espesyal pou kowonaviris nan moman an. Menm jan ak pou lòt maladi, pi bon bagay ou kapab fè se pran repo epi pa bliye bwè ase fliyid. Si w gen lafyèv oswa doulè, kòmanse pa pran Tylenol (asetaminofèn). Ou kapab pran NSAID tou (ibipwofèn, napwoksèn, oswa lòt anti-anflamatwa ki pa gen estewoyid) si Tylenol la pa mache epi pa gen lòt rezon ki fè ou pa kapab pran NSAID yo.

*Si a nenpòt ki moman ou kòmanse santi w pi mal – sitou si w kòmanse gen pwoblèm respire, oswa doulè oswa presyon nan pwatrin - tanpri rele 617-665-1977 oswa klinik swen primè w lan. Si w gen sentòm grav, tanpri rele 911 touswit.*

## Poutèt ou petèt gen kowonaviris, li enpòtan pou w rete lakay ou epi suiv enstriksyon ki pi ba yo:

- **Rete lakay ou.** Ou pa dwe kite lakay ou sòf pou resevwa swen medikal. Ou pa dwe al ni nan travay ni lekòl. Ou dwe evite kote piblik ak magazen epi ou pa dwe pran ankenn kalite transpò piblik. Pa resevwa moun lakay ou sòf si sa absoliman nesese.
- **Chèche swen medikal** Si w gen kesyon oswa bagay k ap trakase w, tanpri rele klinik la. Si w panse ou bezwen pou yo wè w, tanpri rele klinik la epi fè yo konnen w izole tèt ou poutèt kowonaviris. Si gen ijans, tanpri rele 911.
- **Pwoteje tèt ou.** Rete nan yon sèl pyès nan kay la poukont ou, li pi bon si fenèt la ouvè. Sèvi avèk yon saldeben apa si sa posib. Lave men w souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Evite manyen figi w, bouch ou, je w, ak nen w, epi touse oswa etènye nan mouchwa papyè.
- **Kenbe tout bagay pwòp.** Pa sèvi ak menm afè pèsonèl (tankou bwès) avèk lòt moun nan kay la. Pa sèvi ak menm atik kizin (asyèt, goblè, ajantri) ni avèk menm atik an twal (sèvyèt/dra) avèk lòt moun nan kay la. Netwaye sifas w itilize anpil chak jou - bagay tankou manch pòt, telefòn, lanp, bouton limyè ak enstalasyon nan saldeben tankou wobinè.

- **Lòt nesese:** Pandan tan sa a, gen moun ki gen difikilte mete ase manje ak medikaman lakay yo oswa ki gen pwoblèm avèk lwaye oswa lòt zafè lajan. Si w bezwen èd, tanpri rele klinik pwofesyonèl swen primè w lan.

## Sa p ap gen danje pou w avèk lòt moun lè:

- gen omwen 72 èdtan ki pase depi w te gen lafyèv (lafyèv se yon tanperati omwen 38C oswa 100.4F),

### EPI

- sentòm respiratwa w yo amelyore (tous, souf kout),

### EPI

- sa fè omwen 10 jou depi sentòm ou yo te kòmanse.

## Pou pran swen kontak rapwoche w yo:

Yo konsidere moun ki rete lakay ou yo ak tout lòt moun ki pase omwen 10 minit a yon distans pi piti pase 6 pye (2 mètr) ou kòm kontak rapwoche. Poutèt yo te gen kontak rapwoche avè w, yo gen risk pou yo enfekte. Ou kapab ede pwoteje yo lè w suiv enstriksyon ki pi ba yo. Moun ki rete lakay ou yo ak tout lòt kontak rapwoche dwe suiv rekòmandasyon ki pi ba yo:

- **Rete lakay.** Kontak rapwoche w yo dwe rete lakay yo pandan 14 jou. Sa vle di yo menm tou pa dwe al ni nan travay ni lekòl.
- **Chèche swen medikal:** Si yon moun ki rete lakay ou oswa yon lòt kontak rapwoche kòmanse santi l malad, li dwe rele doktè swen primè li.

Menm lè w santi w fè mye, ou dwe kontinye limite konbyen fwa w sòti jiskaske otorite sanitè yo anonse pa gen danje pou w sispann.

Nou la pou ede kenbe w an sante ak an sekirite. Si w gen lòt kesyon sou sante w, tanpri rele klinik swen primè w lan.

*Nou swete ou ak pwòch ou yo lasante, an tout senserite,*

Ekip CHA w lan